

Projè Evanjelizasyon ak Etid Biblik (PEEB)

www.biblepeeb.com | 813-504-3356 / Gulf-breeze, Florid, Etazini | admin@biblepeeb.com

Modòd Administratif (MAD) pou Itilizasyon Kat Idantifikasyon PEEB yo

Dat: 28 Me 2023 / v1

De: Biwo Koòdinasyon Jeneral

A: Tout manb PEEB

Kat idantite (badj) PEEB a se yonn nan ekipman tout kolaboratè PEEB yo pote avèk fyète ak gratid pou bèl projè sa ke Bondye akòde nou. Administrasyon an rete konvenk ke nou pwal pote badj sa avèk diyète, rèspè, ak fyète pou reprezante enstitisyon sa ke nou renmen anpil la. Sepandan, pou asire inifòmite ak pou founi gidans, KJ la sotí modòd sa pou administre itilizasyon badj nan PEEB.

- I. Sèl Biwo Lojistik la (avèk aprobasyon KJ la) gen otorite pou Kreye badj nan PEEB. Tout manb oubyen antite anndan PEEB ki bezwen badj prensipal la oubyen ki t'a bezwen konsevwa yon lòt badj pou yon aktivite patikilye dwe kontakte Biwo Lojistik la.
 - a. Manb ki bezwen yon badj patikilye dwe itilize yon fòm F0048 - Rekèt pou Aprobasyon ak Prodiksyon Materyèl pou renmèt nan Biwo Lojistik la. Biwo Lojistik la gen 30 jou pou kominike manb sa desizyon Pano PEEB sou sa.
- II. Administrasyon an ka toujou ofwi yon rabè a tout manb k'ap fè badj pou premye fwa men frè aktyèl badj yo fikse a 500 Goud jiska nouvèlòd.
 - a. Chak fwa Administrasyon an reklame badj yon manb akòz vyolasyon nenpòt MAD, lè li fin reponn a egzijans ki fèt a li pou korije vyolasyon an, moun sa ap peye 100 Goud kòm penalite pou li jwenn badj sa ankò.
 - b. Tout manb Administrasyon an ak staf yo dwe toujou jwenn badj gratis ak renouvle badj gratis tou lè badj la vyeyi oubyen domaje/pèdi nan kad itilizasyon nòmal badj la. Sepandan, si yon manb Administrasyon an

oubyen yon staf pèdi yon badj pa neglijan oubyen domaje yon badj pa mwayen abi ki mansyone nan atik 3 a, li dwe peye frè 500 Goud la tankou tout moun pou ranplasman badj la epi fè fas a tout lòt mezi disiplinè ki apwopriye pou ale jiska dèstitisyon manb sa de Administrasyon an oubyen kòm staf nan PEEB selon ka ki prezante a.

III. Entansyonèlman domaje yon badj dwe mennen reklamasyon badj la ak yon sispansyon manb sa pou 3 mwa (90 jou) nan tout aktivite PEEB. 3 mwa adisyonèl dwe ajoute a sispansyon an chak fwa ofans lan repete.

a. Domaje yon badj enkli : plwaye li oubyen kase li an 2, ekri oubyen desine sou li, plase yon stikè oubyen yon tep kolan sou li, grate li ak nenpòt bagay ki kreye yon mak sou li, boule li, mete penti sou li oubyen nenpòt lòt bagay ki pa ka soté oubyen ki kite yon mak, vide nenpòt likid ki lakòz li blanchi oubyen trase, mete pye sou li entansyonèlman, koupe moso ladann, pèse lòt twou ladann ke twou orijinal la, etc..

i. Eksèpsyon fèt pou domaj sa yo sèlman lè yon manb ka founi prèv ke domaj la te rive pa aksidan oubyen ke se yon lòt moun ki domaje badj li an san konsantman li.

b. Domaj nòmal (akòz itilizasyon) oubyen domaj natirèl (akòz pasaj tan) ki rive pa konsidere kòm domaj entansyonèl. Sepandan, Disip lan ap toujou bezwen peye frè badj la pou ranplasman an lè badj la vyeyi. Sèlman, li p'ap tonbe anba mezi disiplinè pou sa.

IV. Tout badj dwe itilize inikman nan entansyon ke li te kreye a.

a. Nenpòt manb ki itilize yon badj nan yon kontèks, nan yon sitiyasyon, oubyen pou yon rezon ki pa te aprouve davans dwe pèdi aksè a badj sa pou 3 mwa. 3 mwa anplis dwe kontinye ajoute a pinisyon an chak fwa ofans lan repete.

i. Chak badj dwe trete endividyèlman. Vyolasyon kondisyon yon badj pa dwe reflekte sou lòt badj.

ii. Kòd badj yo pa prive a PEEB. Sa vle di moun ki achte yo ka itilize kòd badj yo kote li pito ak fason li pito.

V. Tout aktivite ofisyèl PEEB egzije prezans badj PEEB a sou tout patisipan ki deja genyen badj la. Amwenske aktivite sa egzije prezans yon lòt badj oubyen manb sa jwenn pèmisyon ekri (fòm F0038) yon Pòt-Pawòl/Dirèktè pou li pa mete badj la akòz yon rezon patikilye ke lidè sa genyen pou lòd sa.

- a. Nenpòt manb ki deja gen badj PEEB a men ki prezante san li nan yon aktivite ofisyèl PEEB dwe pèdi badj sa pou 1 mwa (30 jou) amwenske manb sa prezante yon jistifikasyon valab. 1 mwa anplis dwe kontinye ajoute chak fwa ofans sa repete. (*Aktivite ofisyèl PEEB yo se tout aktivite ki mansyone nan program trimèstriyèl la enkli Jounen Retwouvay ak Kan-LABIB. Sa ki pa mansyone nan program lan pa konsidere kòm aktivite ofisyèl PEEB menm si yo aprouve pou yo fèt*). Sepandan, si yon Dirèktè/Pòt-Pawòl bay lòd klè pou manb yo mete badj pou yon deplasman/sèvis/aktivite kèlkonk ki pa mansyone nan program trimèstriyèl la, lòd sa otomatikman rann badj la obligatwa. Delege yo dwe siveye moun ki pa mete badj pou yo reklame badj moun sa pou 1 mwa tou.
- b. Yon manb pa dwe mete okenn lòt badj akonpanye badj PEEB a. Pou asire inifòmite, Kat Idantifikasyon PEEB a dwe toujou pote nan yon kòd Badj ki aprouve (*kòd badj PEEB a oubyen yon kòd badj blan senp san okenn lòt koulè oubyen desen ladan. Lajè kòb badj senp sa dwe ant ½ a ¾ pous. Li dwe anviwon menm longè ak kòd badj ofisyèl PEEB a*). Oubyen, yon manb ka pote badj PEEB a nan yon klips ki fèt pou badj menm sou pwatrin gòch li sèlman. Badj la ka tache nan tèt yon pòch oubyen li ka klipse nan rad moun nan. Okenn lòt andwa tankou kòl oubyen manch chemiz, senti pantalon, etc., pa pèmi pou pote badj PEEB a.

VI. Delege Kominal yo rèsponsab pou reklame ak konsève badj yo lè gen vyolasyon ki selon yon MAD men se Dirèktè Biwo oubyen Pòt-Pawòl Ministè manb Administrasyon oubyen staf ki koupab la/yo ki dwe deside aksyon korèktiv/pinitiv (selon diskresyon Dirèktè/Pòt-Pawòl la) ki nesesè nan chak ka. Se Dirèktè/Pòt-Pawòl ki te administre aksyon korèktiv/pinitiv la

tou ki ka di Delege Kominal la lè sa pèmi pou li renmèt badj sa pandan manb sa ap peye Delege Kominal la 100 Goud penalite a.

- a. Manb Administrasyon PEEB pa gen eksèpsyon nan okenn MAD. Okontrè, MAD yo dwe aplike ak plis severite pou manb Administrasyon an.
- b. Si manb Administrasyon oubyen staf ki an vyolasyon an nan 2 Biwo/Ministè, nenpòt nan 2 Dirèktè/Pòt-Pawòl sa yo ka detèmine aksyon korèktiv/pinitiv ki nesèsè a. Sepandan, yon manb pa dwe pini 2 fwa pou menm vyolasyon an.
- c. Si se yon disip ki an vyolasyon, nenpòt Dirèktè/Pòt-Pawòl ka detèmine aksyon korèktiv/pinitiv ki nesèsè nan ka sa. Se li sèl tou k'ap ka di Delege Kominal la lè disip sa ranpli kondisyon pou resevwa badj ankò.
- d. Nan kèk ka, Pòt-Pawòl oubyen Dirèktè a ka deside ke okenn aksyon korèktiv/pinitiv pa nesèsè. Kidonk, manb lan ap jis peye penalite a pou li jwenn badj la ankò. Sèlman nan ka kote Delege Kominal la te klèman mal jije vyolasyon ke li pèsevwa a ke nenpòt Pòt-Pawòl/Dirèktè ka anile penalite a pou manb sa rejwenn badj li ankò.
 - i. NB: tout manb Administrasyon an rèsponsab pou siveye vyolasyon MAD yo. Si yo remake yon vyolasyon, yo dwe rapòte sa a Delege Kominal ki konsène a pou reklamasyon badj manb sa. Answit, yo dwe pale ak vyolatè a pou ede li konprann ke sa li fè a pa pèmi.

VII. Kat Idantifikasyon PEEB a pa gen dat èkspirasyon. Sa vle di ke ou ka kenbe li pou mezitàn ou vle depi ou proteje li byen. Sepandan, si laj, maladi, oubyen aksidan lakòz gwo diferans nan vizaj ou, ou oblije renouvle badj la.

- a. Yon manb ka achte yon 2èm, 3èm badj oubyen plis an menm tan pou li kenbe nan diferan andwa oubyen pou lòt rezon ke li vle sa, men li pa ka mete badj pa 2 oubyen plis an menm tan.

VIII. Tout manb ki nouvo ka patisipe nan aktivite PEEB jiska 1 an san badj. Yon manb ki gen plis ke 1 an nan PEEB oblije gen badj. Nou akòde delè sa a

moun ki nouvo yo sèlman pou yo familiarize ak PEEB epi deside si yo vle fè wout ak PEEB anvan yo oblije fè badj.

IX. Moun ki pa te jwenn badj akòz yo te **Pasif** ap peye frè badj la (500G) plis penalite a (100G) anvan yo jwenn badj la lè yo vin **Aktif** ankò selon LED PEEB a.

a. Si yon manb **Aktif** men li deklare ke li pa ka peye frè badj la ditou, Dirèksyon Administratif la dwe verifye sa epi asiste manb sa ekonomikman swa ak moso oubyen tout frè a paske sa enpòtan pou tout manb gen badj. Eksèpte si yon manb bezwen ranplase badj la paske li domaje oubyen pèdi badj li a pa fòt li menm.

b. Biwo Administratif la pa gen dwa ede okenn manb peye okenn penalite. Li rele yon penalite pou yon rezon. Yon manb ki pa gen badj paske li pa peye yon penalite ap kanpe nan tout aktivite PEEB yo jiskakske li fè badj la. Lòt mezi disiplinè ka pran kont manb sa nan diskrèsyon KJ la. Biwo Administratif la pa dwe ede ak frè ranplasman yo nonplis. Nou itilize tèm ranplasman an pou yon manb ki domaje oubyen pèdi badj li an. Nou itilize tèm renouvle pou yon manb ki gen yon badj ki ansyen kote moun pa rekonèt li nan foto a oubyen ekriti yo ap efase.

X. Moun k'ap kite PEEB pa oblije renmèt badj la men li pa gen dwa voye badj la jete nonplis. Li gen dwa kenbe kat la kòm yon souvni si li vle sa. Men, si li vle renmèt kat la, Delege Kominal lan ap resevwa li pou renmèt a Biwo Lojistik la. Si t'a vin gen prèv ke yon moun jete Kat Idantifikasyon PEEB a nan fatra entansyonèlman, li p'ap ka manb PEEB ankò pou 5 ane. Aprè 5 ane de dat ke ofans sa te dekouvwi a, si moun sa enterese tounen manb PEEB, li dwe prezante yon èskiz piblik a tout manb PEEB aktyèl ak pase. Sepandan, KJ la ap toujou gen diskresyon nan akòde rekèt pou moun sa tounen manb ankò a menm si moun sa dakò ranpli kondisyon ki mansyone yo.


XI. Yon moun k'ap fè yon nouvo badj dwe retounen ansyen an pou li pa rive nan fatra. Si badj la t'a rive nan fatra, atik 10 (X) la ap aplikab pou moun sa.

a. Si w'ap fè yon lòt badj paske sa ou te genyen an pèdi, ou dwe deklare sa nan yon fòm F0049 - Deklarasyon Pèt, Vòl, ak Anfouyaj. Sa ap

retire rèsponsablite a sou do ou si yon manb PEEB t'a trouve badj sa nan maltrètman. Sepandan, si se lè ou an fas konsekans lan ke ou di ke badj la te pèdi, sa deja trò ta pou ou paske sa parèt trò sispèk. Se imedyatman ke yon badj pèdi pou ou deklare sa.

XII. Nenpòt manb ki refize renmèt badj li a yon Delege Kominal nan kad aplikasyon MAD sa oubyen k'ap prezante fo èskiz pou li pa renmèt badj la dwe rapòte a otorite siperyè (Delege Depatmantal (DD) pou monte yerachikman...). Otorite siperyè ki jwenn rapò a dwe eseye konprann sitiyasyon an pou verifye si gen vyolasyon yon MAD vrèman ak si manb lan pa vle renmèt badj la èksprè vrèman. Si bagay sa yo prouve, DD la dwe òdone manb lan pou renmèt badj la a Delege Kominal la. Si manb lan kontinye reziste, sa dwe rapòte a otorite siperyè toujou jiska Dirèktè oubyen Pòt-Pawòl ki konsène a. Si yo menm tou verifye dezòd la, santans manb sa otomatikman double pa rapò a sa li te ye a plis nenpòt lòt mezi disiplinè ke Pòt-Pawòl oubyen Dirèktè sa vle ajoute kont manb sa.

- a. Si sa prouve ke manb Administrasyon an okouran vyolasyon yon MAD men yo lèse sa tonbe oubyen yo ede vyolatè a kouvwi sa, KJ la ap konsidere sa kòm yon irèsponsablite melanje ak yon ensibòdinasyon. Tout ensibòdinasyon ap mennen aksyon disiplinè ki sevè jiska enkli destitisyon manb Administrasyon sa a/yo ki te okouran vyolasyon an. Sa enpòtan pou disip yo pa ka prouve ke règleman PEEB yo ap aplike an «ti-zanmi». Sa t'ap diminye respè yo te konn gen pou Administrasyon PEEB.



Fr. Calebe Davilmar
Kòdonatè Jeneral